

IGICE CA 10

IBITANGAZA
NIMIGANI



AHANDI HANTU...

HARI
HAHEZE IMISI
NTAFUNGURA.


MUZOPFA
NIMUTIGA KURYA
IMBEBA N'UTUNDI
DUKOKO. NIYO NZIRA
YONYENE IHARI KUGIRA
UMUNTU ABEHO.

NDIBAZA NZOPFA
UBWA MBERE.
HARAHEZE UMWAKA
NARI UMUGABO ATUNZE,
KANDI ANUBASHWE NO
MU KIBANO. NDABA
UBU.


NTUKICUBASHWE, UBU
URI UMUNYAMIBEMBE,
UMUNTU YAHINDIWE
HANZE.

UBWA MBERE
NARI MFISE
IVYZIGIRO KO
NSHOBOA GUKIRA
HAMA NSHOBORE
KUBANA N'UMUGORE
HAMWE N'ABANA. ARIKO
UBU NDAHAMAZE IMYAKA
CUMI, KANDI NTA MUNTU
NUMWE NDABONA AKIRA
HANYUMA ASUBIRE
KUBANA HAMWE
N'ABANDI.





LIBWA MBERE,
LUMUGORE WANJE
YARAZANA ABANA
HANYUMA BAKAMPAGARARA
KURE BARIKO
BARAMVUGISHA, ARIKO
LUBU BATANGUYE KUBIHEBA
KUZA BARAZA. LUBU ABANA
BATANGUYE GUKURA.
NTIBAZOHAVA BAMENYA
NIBAMBONA. IBI NAVYO
NI BIBI GUSUMBA
MBERE N'URUPFU.



AYAYA,
NDAKWUMVIYE
IKIGONGWE
GATOYA. NTA NUMWE
AKITWITAYEHO, MBERE
N'IMANA. REKA
TUGENDE TURABE KO
TUTOSHOBORA GUSEGA
IKINTU DUFUNGURA.



UNO MUSI
TURASOHOKA
DUSHIKE
KW'IBARABARA
RIKURU, TURABE KO
ATA KIGONGWE NA
GITOYA TWOTERA
ABANTU.

TURAZA KUJANA,
NIVYO BIRIMWO
UMUTEKANO.



NDABONA
INGENZI ZIMWE ZIMWE
ZIRIKO ZIRAGENDA ZIVA
MW'IBARABARA!




RABA! NI
BA BAHUNGU
KANDI.

MUVE NGAHA, MWA
BA NYAMIBEMBE MWE
MWANDUYE. MUGENDE
MU KIBANZA KANAKA
HANYUMA MUPFE.


MWA
VYANDURE
VY'IBIVUME!
IMANA IRIKO
IRABAHANA.

**IRUKA!
IRUKA!**



ABACAFUYE!
ABACAFUYE,
TWESE TURI
ABACAFUYE.

NI ABANYAMIBEMBE.
NTIWEMERE KO
BAHAVA BAKWEGERA.
URASHOBORA
KWANDURA Nawe
INGWARA.



MURASHOBORA
KUTWUMVIRA
AKAGONGWE?
MURASHOBORA KUBA
MWASIGAJE N'AKANTU
NA GATOYA HANYUMA
MUKAKADUHA?

BAHE IKINTU
HANYUMA BACE
BAGENDA.

SUBIRA
INYUMA!
URANDUYE.



MUSUBIRE
INYUMA IBI
VYOKURYA
TURABISIGA HASI
NTACO NGAHA.

UBU RERO,
NTIMUSUBIRE
KWEGERA KANDI. REKA
MBERE NIYEGERERE
INYUMA KWANZA
LBWA MBERE.



UMUKATE!

**MBIKIRA
IMWE!**

IVYOKURYA!

**NTUYAKIRE
YOSE!**



**NI
KWANJE!**

**WA
NGURUBE
WE!**

**IMIKATE!
IMIKATE!**


O MANA!



RABA HAJE UYUNDI
MURWI MUNINI
W'INGENZI.

DUTEGEREZWA
KUBA MASO,
BAJE ARI BENSHI
CANE.

KANDI BOSE
N'ABAGABO.



NI YESU
UMUNYANAZARETI.
NARAMUBONYE
RIMWE, IMBERE
YUKO MFATWA N'IYI
NGWARA. N'UMWE
AKIZA ABANTU
BARWAYE.

AVUGA KO AVA
KU MANA. AVUGA KO
WE NA SE ARI UMWE.
NARAMUBONYE AKIZA
AMASO AHUMYE
HAMWE N'INGINGO
ZIMUGAYE.



**YESU!
DUFASHE!**

**MWAMI, NI
ABANYAMIBEMBE.**

**NTIWEMERE
KO BEGERA.**

N'IBIKI
MUKENEYE KO
NDABAKORERA?

TUGIRIRE
IKIGONGWE
HANYUMA
UDUKIZE.

NIMBA
LIBIGOMBA,
URASHOBORA
KUNYEZA.





NTLINKOREKO!

IBINTU
BIMEZE NEZA. GENDA
RERO MU RUSENGERO
HANYUMA WIYEREKE
UMUHEREZI. AZOCA ABONA
KO UBU WEJEJWE HAMA
ACE AGUHA URUHUSA RWO
GUSUBIRA MUHIRA UBANE
N'UMURYANGO KANDI.



AVUZE KO
TWEJEJWE.

BAZOHAVA
BATWIRUKANA
IMBERE MBERE
YUKO TWEGERA
N'URUSENGERO.

JEWE NGIYE
GUKORA NKUKO
YABIVUZE.

NDI KUMWE
NAWE. REKA
TUGENDE.

LUKA 17:11-14



YESU
YAVUZE KO
TWAKIZE.



NUMVA
MEZE NEZA
SICO KIMWE
NKA MBERE.



**TURIKO
TURAHINDUKA!**






LURUKOBA
RWANJE
RWAKIZE!

YESU
YABIKOZE!
MWAKIZE GOSE!

NTIMUKIRI
BABI KANDI!

NTEGEREZA
KUGENDA
NDONDERE
LUMIGORE
WANJE!



URI UWAHEZAGIWE, MWANA
W'IMANA, UMWAMI WA ISIRAYERI.
WANGARUKANIYE KANDI UBUZIMA.
IMANA N'INYEMBABAZI KANDI
N'INYABUNTU.

MBEGA
NTIMWEJEJWE MURI
CUMI? ARIKO UMWE GUSA
NIWE AGARUTSE GUSHIMA,
MBERE SI N'UMUYUDA.
N'UMUNYASAMARIYA.

LUKA 17:14-19

UMUNTU UMWE YARABAJIJE YESU
KO BENSHI BAZINJIRA MU BUGINGO
BUDASHIRA. YESU ACA ARAMWISHURA:

UBUGINGO BUDASHIRA.

NDAKUBWIRE INZIRA
YINJIRA MU BUGINGO
IRAGOYE, IRAPFUNGANYE
KANDI BAKE CANE NIBO
BAYIBONA. ARIKO INZIRA
IJA MU MAHONERO
IRAGUTSE KANDI
YUZUYEMWO ABANTU
BAJE MU GUHAMWA
KW'IBIHE BIDASHIRA.



MUGERAGEZE KWINJIRA
MW'IREMBO RIPFUNGANYE,
KUKO BENSHI BAZORONDERA
KWINJIRA MU BUZIMA HANYUMA
BIBANANIRE. IGIHE UMUSI
W'URUBANZA UZOSHIKA, BENSHI
BAZOTAKAMBIRA IMANA, BAVUGA,
BATI, "MWAMI VYUKURI JEWE NARI
UWAVE. NARI UMUNTU WO MW'IDINI.
NARISONZESHEJE NDONGERA
NDASENGA. NARATANZE AMAHERA
YANJE KUGIRA NSHIGIKIRE IVYO MU
RUSENGERO. NARAVUGISHIJWE
MW'IZINA RYAWE NONGERA
NSENDA ABADAYIMONI. "

HAMA NANJE NZOCA
NDABABWIRA. NTI. "SINIGEZE
NDABAMENYA. MUMVE IMBERE,
MWA BIVUME MWE, MUJE
MU MURIRO UDAHERA. AHO
HAZOBAHO KURIRA NO KURYANA
INSYA Z'AMENYO."

N'IKIBANZA AHO
IMISHAHA YABO ITAZOPFA KANDI
N'UMURIRO NTUZOKWIGERA UZIMA.
UKUDUGA KW'IMIBABARO YABO
KUZOKWAMAHO IBIHE N'IBIHE.

MATAYO 7: 13-14, 22-23,
IVYAHISHURIWE YOHANA 14:11

YESU ABABWIRA
IYINDI NKURU:



HABAYE
UMUNTU YARI
ATUNZE AKONGERA
AKAMBARA IMPLUZU
ZIZIMVYE HAMA AKARYA
INRYA Z'ABATUNZI
ZIZIMVYE IMISI YOSE.
YARI IMVUGA KURI KANDI
YARI ATUNGANYE,
NTIYARI UMUNTU AKORA
IKIBI, ARIKO YARIKUNDA
CANE YAKOMEZA
YIYUMVIRA KURI
WE GUSA.

YEGERANYA
RERO
AMAHERA
YIWE AKURA
ARI UMUTUNZI,
IMISI YOSE.

FATA IBI VYASIGAYE KUVYO
NAFUNGUYE MUBIHE URYA
MUSEZI RAZARO ARYAMA KU RUGI
IWANJE. NDI UMUNTU AFISE
IMBABAZI NYINSHI KANDI NGIRA
NEZA KU BUNTU.



EGO BOSI; NDAZI
KO AZA KUBISHIMA.



BOSI
AMBWIYE NGO
NDAGUHE IBI
VYASIGAYE.

LIMWAMI MANA
ASHIMWE! YATEGEKANIRIJE
LWAYO. NTA KINDI NKWIRIYE.
URAMBWIRIRA BOSI WAVE UTI
URAKOZE.

MFISE
LIBUTUNZI BWINSHI,
NDAKENEYE IBIGEGA
BININI BININI CANE
KUGIRA MBIBIKEMWO
IVYO MFISE VYOSE.




**WA
MBURA
BWENGE WE.
MURI IRI JORO
NYENE URAZA
GUPFA HANYUMA
UJE KUVUGA IVYO
WAMAZE.**

**"UMUNTU YAHawe
GUPFA RIMWE,
HANYUMA INYUMA
YAHOO HACE HABAWO
IVY'URUBANZA."**


**UTI!
PUUUU-MUUU**

MU GIHE BARIKO BARATWARA
IKIZIGA BAKIJANA KUGIHAMBA,
BASANGA WA MUSEZI, RAZARO,
NAWE NYENE YARAPFLUYE.



NI WA MUSEZI
YARI ASHAJE RAZARO.
NAWE, NYENE, YAPFLUYE
MW'IJORO. ASA
NK'UMLUNYAMAHORO.


IKIZIGA CA RAZARO BAGITWARA BATARINZE
KWIGORA HANZE Y'IGISAGARA, AHANTU
BAKUNDA GUHAMBA ABANTU BAKENYE.
NTIBIGEZE BIGORA MU KUMUHAMBA KANDI
NTA MUNTU NUMWE YAMUGANDARIYE.



ARIKO ABAMARAYIKA BACA
BARAZA BACA BATWARA
RAZARO MW'IPARADIZO.

YAYAYA!
MBEGA
AKANYENGA!
SINARINZI KO GUPFA
VYARI BIRYOSHE
GUSHIKA KURI
RUNO RUGEZO!

RAZARO, MWENEWACU,
KARIBU MUHIRA. NTUZOSUBIRA
GUSONZA KANDI N'UMUBIRI WAVE
NTUZOSUBIRA KUBABARA. INGO,
TURAFISE IMEZA TWAGUTEGURIYE
IMBERE YAVE.



YARI UMUNTU
MWIZA. ARIKO RIMWE
RIMWE HARI IGIHE YAGORA ABO
AKUNDA, ARIKO TUZOKWAMA
TWIBUKA KO YAHORA AKUNDA
IGIHUGU CIWE, KANDI KO YARI
ATUNGANYE MUVYO AKORA.

YIGIRIYE
YAGIYE GUHABWA
IMPERA. REKA UMUSHAHA
WIWE WIRUHUKIRE
AMAHOHO.

WA MUTUNZI
NAWE
BARAMUHAMBA
BAMUHAMBA
AHANTU HEZA
CANE, HAMA
ABANTU BOSE
BAKUNDA
AMAHERA YIWE
BAZA KURABA IVYO
YASIZE AVUZE KO
BIZOGABURWA
UKO ABISHAKA.


ARIKO IGIHE URYA
MUTUNZI YAPFA, ACA
YISANGA ATawe MU
MURIRO UDAHERA.



RLIKA 16:22



**MFASHA! O
MANA, HAGIRE
UMUNTU AMFASHA! NDI
NGAHA NDARENGEWE
N'URUBEYA!**




DATA ABURAHAMU,
NGIRIRA IMBABAZI.
NDABONA RAZARO
HARYA. MURLUNGIKE
AKOZE URUTOKE MU MAZI
HANYUMA ABOMBEKE
LURURIMI RWANJE, KUKO
NDABABAJWE CANE
N'URLUBEYA.

MUHLUNGU NARI
KUGUFASHA IYABA
VYASHOBOKA, ARIKO HARIHO
IMANGA NINI HAGATI YA JEWE
NA WEWE, N'IKIYAGA C'UMURIRO
HASI. NTIDUSHOBORA KUJABUKA
NGO TUZE KUGUFASHA, NA
WEWE NTUSHOBORA KUZA
NGO UZE AHO TURI.

BASI RUNGIKA RAZARO
AJE MU NZU KWA DATA ABWIRE
BENEWACU BATANU KUGIRA NABO
NTIBAZOHAVE BAHEREZA MU KIBANZA
GITEYE LIBWOBA C'IMIBABARO NK'IKI.

LUKA 16:22-31



**BARAFISE
IVYANDITSWE
VYA MOSE
KANDI BAKAGIRA
N'ABAVUGISHWA.
REKA BIZERE
IVYANDITSWE.**

**ARIKO IVYO
NTIBIKWIYE KURI BO.
BOBONA IGITANGAZA
CO KUZUKA,
BOKWIHANA HANYUMA
BAKAVA MU KUTIZERA
KWABO.**

**NIBATIZERA IVYANDITSWE,
NTIBAZIZERA NIBABONA UMUNTU
AZUTSE AVUYE MU BAPFUYE. KURI
WEWE, WARAMAZE GUCERERWA.
BATEGEREZWA KWIFATIRA INGINGO ZABO
BWITE. UMBABARIRE CANE. MBONA
ATACO NOKORA KUBWAVE.**



AMAHORO,
BAGABO.
MBEGA MWOBA
MUKENEYE
KWIRYOHARA
GATO?
URUKUNDO
RWANJE
RURAZIMBUTSE.


MWAMI,
MWIHOZE.
ABANTU NKABO
HARARENGERANYE
KO BAHINDUKA.



IVYANDITSWE
VYERA BIVUGA BITI:
"NTUSAMBANE"

AMAKURU,
JEWE
ND'UMUGORE
ASENGA. NDIZERA
IMANA.

UMURWANIZI
YARAKUBESHE. NTA
HEREZO RINDI UFISE ATARI
IRYO KUBA MU MURIRO
LIDAHERA.



WUMVISE IVYO
BAGENZI BAWE
BAVUZE. KURI JEWE
HARARENGERANYE.
KUYA NKIRI UMWANA
NRYAMANA
N'ABAGABO.

KU MANA NTIHASHOBORA
KURENGERANA.
NIWAYIRONDERA UZOYIBONA.
IZOHARIRA IVYAHA VYAWE
HANYUMA INAGURE
UMUSHAHA WAVE.

UMUSHAHA WANJE
NAWUHAYE UMURWANIZI
ARIKO IMANA IBISHATSE
NDASHOBORA KUWUYIHA...
IRABISHAKA...
IRABISHAKA...





YIIII!

**YUZUYE
ABADAYIMONI!**

SUBIRAYO!

**KUVAYO 20:14, RUKA 8:2,
1 YOHANA 1:9**



AYIII!

SATANI,
MLIVEMWO!



NDAGUTEGETSE
LIMUVEMWO KANDI
NTUZE UGARUKE.


KUBW'ITEGEKO RYA YESU
IMPWEMU MBI INDWI
ZIVA MURI WA MUGORE.



ZAGIYE!

URI NDE?


NDI
YESU.



LITEGEREZW
GUHAGARIKA
ICAHU CAWE
HANYUMA UHIMBAZE
IMANA NAHANDI
USUBIRIYE
IMPWEMU MBI
ZIZOGARUKA KANDI
ZIZOZA ZIZANANYE
N'IZINDI MBI CANE
KURUSHA IZARI
ZIKURIMWO
MBERE.

NDASHAKA
GUKORERA IMANA.
NGIYE KUGUKURIKIRA
HANYUMA NKOMEZE
NIGA N'IBINDI.

N'IBIKI
VYAMUSHIKIYE?




MWAMI, NABONYE
IVYABAYE. NI VYIZA CANE.
ABARONGOZI BACU B'AMADINI BARI
KUNEBAGURA MARIYA MAGADARENA
HABONA MBERE,

ARIKO ABANDI
UGASANGA BARIKO
BARAMURONDERA
MW'IJORO.
WAMUHAYE UBUZIMA
BUSHASHA.


TURAZA
KUJANA.

MBEGA WEWE
N'ABIGISHWA BAWE
MURASHOBORA KUZA
IWANJE GUFUNGURA? NARI
NSHAKA KO BAMWE MU
BAGENZI BANJE BUMVA
IBIRENGEYE IBI.




TUBWIRE,
YESU, NI GUTE
UMUNTU ASHOBORA
KUBA UWUTUNGANYE
N'UWEJEJWE MURI IKI
KIBANO CA RUSWA?
TWOKWICWA N'INZARA
EREGA TUTARENZE KU
MATEGEKO GATOYA.

NTIMUGAKUNDE
GUKORERA IBINTU BIHERA
ARIKO MUKORERE IBINTU
BIHORAHO. NTIMUKIYUMVIRE
CANE KU BUTUNZI BWANYU GUSA,
ARIKO MUKUNDE KWIYUMVIRA
UKUNTU MUSHOBORA KUBA
UMUGISHA KU BANDI.



UBUZIMA
BURARENZE
IVYOKURYA HAMWE
N'IVYAMBARWA. NIMBA
IMANA YAMBIKA
AMASHURWE YO KU
BUTAKA NAMWE
IRASHOBORA
KUBAMBIKA.


HARIKO HAREGEREZA
IGIHE AHO UMUNTU WESE
AZOHAGARARA IMBERE
Y'UBUCAMANZA BW'IMANA
HANYUMA YEMANGE IKINTU COSE
YAKOZE AKIRI MURI UNO MUBIRI
CABA KIBI CANKE CIZA.



NTIMUGAKORE
NKUKO ABARONGOZI BANYU
B'AMADINI BAKORA, KUKO
BAVUGA IKI HANYUMA BAGAKORA
IKINDI. BAMEZE NK'INZAVYA
ZOGJEJE INYUMA ARIKO IMBERE
ZICAFUYE.

NIMBA
LUKUGOROROKA
KWANYU
KUDASUMBA
UKWABO,
NTIMUSHOBORA
KWINJIRA MU
BWAMI.

UMUSIGUZI 12:14, MATAYO 23:25, 6:19-21,
25, 28-30, 12:36. RUKA 15:1-3



RERO, WAKIRIYE
ABANYAVYAHA LIBU
NAHO URICARANYE NABO
MURIKO MURASANGIRA?
NDABONA MARIYA
MAGADARENA ARI NGAHA
HAMWE N'ABANDI
BANYAVYAHA. NI GUTE
USHOBORA KUVUGA KO URI
UMUGOROROTSI HANYUMA
UGACA WICARANA
N'ABANTU NKABO.

REKA NKUBWIRE
INKURU YEREKANA
UKUNTU UMUTIMA
W'IMANA UMEZE.



UMUGABO UMWE
YARI AFISE ABAHUNGU
BABIRI. UMWE MURI BO
MUTOYA ARIGUMURA
AVUGA KO AKENEYE
KUBAHO UBUZIMA BWO
KWIGEGEMVYA.

EGO,
IYI NKURU
NDAYIKUNDA.



RERO
ACA ASABA
KO YORONKA
LUMUGABANE
WIWE UBWO
NYENE.

DATA, NIMBA
LIBIGOMVYE
NASHAKA UMPE
LUMUGABANE
WANJE W'ISHAMVU
UBU NYENE,
NKENEYE KUJA MU
GISAGARA HANYUMA
NIRONDERERE
UBUZIMA HAMWE
N'UBUTUNZI.



ARIKO MUHUNGU, IVYO
MFISE VYOSE NI RWAVE. NTA MYAKA
MYINSHI NSIGAJE KUBAHO RERO MPFLUYE
WEWE NA MURUMUNA WAVE MUZOCA
MUBISIGARANA IBI VYOSE. HANYUMA MUZOCA
MUMERERWA NEZA UBUZIMA BWOSE MUZOBA
MUSIGAJE KUBAHO. DUFISE INTAMA NYINSHI
N'INKA. IMIRIMA YACU YAMA YEZE. DUFISE
ABAKOZI BENSHI EKA N'IBINDI...

ARIKO JEWE NASHAKA
KUGENDA NDABE UKO ISI IMEZE.
SINKENEYE KUGUMA NGAHA
MU MIRIMA NGUME NKORA
NK'UMUGURANO UBUZIMA
BWANJE BWOSE. NDACARI MUTO
NDAKENEYE KWIRYOHARA
HAMWE N'ABAGENZI.




ABAGENZI
BAWE, BATIGERA
BAKORA, BAGUMA
BIYUMVIRA GUSA
INDOGOBA INYARUKA
KURUSHA IYINDI,
UMUVINYU WA MBERE
URYOSHE KURUSHA
UYUNDI, UMLUKOBWA
WA MBERE
AGEZWEHO.

N'IKIHE KIJANYE N'UBUZIMA
WEWE UZI? WEWE WAYAMIRA
MURI IYI MIRIMA. NKENEYE UMPE
KUVYO WONGABURIYE BIVA MURI
IYI MIRMA. NSHAKA KUJA MU
GISAGARA NANJE NIPANGIRE
UBUZIMA BWANJE UKO
NDAVYUMVA.

BIMUHE.
TUZIBERAHO NEZA NAHO
ATAZOBA AHARI. NAKARE
NTIWARI BWABIKORE
BIKORE RERO.





SE AHA WA
MUHUNGU WIWE
UMUGABANE WIWE. WA
MUHUNGU NAWA ACA
ARAGENDA AJABUKA
IKIYAGA AJA MU GISAGARA
KININI AHO NYENE
ABONA KO ASHOBORA
KWIRYOHARA.

UBU RERO, UBU
NIBWO BUZIMA NTA
NUMWE AMBWIRA
ATI KORA IBI CANKE
BIRIYA.

LUKA 15:11-13



WA MUHUNGU MUTO...


YEEE,
HARARENZE
KURUSHA LIKO NAHORA
NDAVYIBAZA. ABA BANTU
BOSE N'AYA MAZU. AHA
RERO NIHO BIBERA.

REKA MBANZE
NDONDERE
INZU NZIZA YO
GUPANGA.




EGO,
IYI ISA
NEZA. REKA
NDAYIFATE.

NIMBA
VYOSHIKA
LIGAKENERA N'IKINDI
KINTU WEWE GUSA
URAKURA. TURAFASHA
ABANTU TUBAHA IVYO
BAKENEYE UMWANYA
WOSE MU GITONDO
NO MW'IJORO.

A man with a beard and dark hair is lying on a plush purple sofa. He is wearing a blue long-sleeved shirt and is covered with a purple blanket. He has his arms raised behind his head. The room is decorated with classical art: a bust of a woman on a pedestal, a vase of blue flowers on a round table, and a full-length statue of a man on a pedestal. The background features a window with a lattice pattern and a doorway.

UBU RERO NI
NDE YARI GUSABA
IBIRENZE IBI? EJO
NZOSOHAKA NTANGURA
GUHURA N'ABANTU
BAMWE BAMWE
TUMENYANE.

LUKA 15:13




AMAHORO, MUFISE
IKI NGAHA? UMUHUNGU WA
RUGURU? MBONA UMENGA
NI MWIZA UMURAVYE MU
MASO.

EWE, MUNTU, NIMBA HARI
ICO USHAKA, VYOBA VYIZA
WIMWESHEJE UBWO BWANWA
HANYUMA WONGERE UHINDURE
IZO MPUZU Zawe.


MBONA ATACO
UBAYE. NDABONA
URABEREWE MURI IZO
MPUZU NSHASHA.






TURANEZEREW
KUBONA WABANYE
NATWE MURI AYA
MAFUNGURO YO
MW'IJORO.

NTUBONA
KO ASA NEZA
KO YAKUYEKO YA
MISHATSI YOSE MIBI
YARI MU MASO
NK'UBWANWA.



HA UMUKATE
UMUGENZI WACU
MUSHASHA. DUSHAKA
KO YAMA IMISI YOSE
ARYOHEWE KANDI
ANEZEREWI.

N'URUKUNDO...



WEWE UPIMA,
UYUNDI MUVINYU
KUBW'UMUGENZI
WANJE.

LUKA 15:13


MBEGA
NTITWOGENDA AHO LUBA,
TWEBWE BABIRI GUSA?



HAMA RERO WA
MUHUNGU MUTOYA,
YIBERA KURE YO MUHIRA
IWABO, ABAHO UBUZIMA BWO
HEJURU AMEZI MAKEYA.
AGIRA ABAGENZI BENSHI
MUGIYE AMAHERA YIWE
YARI AKIYAFISE.



HAGERA IGIHE
AHO UKWIRYOHERA
KUDAKENEWE KUMARA
AMAHERA YIWE ARIKO
AGUMA AFISE ABAGENZI
BATUNZE.



USHAKA
KUVUGA IKI? NTA
YANDI MAHERA
UGIFISE? JEWE
NARI NIBAZA KO
UTUNZE?


NIVYO, BISABA LIBURYO
BWINSHI KUGIRA UMUNTU
ABANDANYE ABA NGAHA, KANDI HARI
NA TOMBORA NAHOMVYE MU NDWI
IHEZE. NARI NIBAZA KO NATSINZE
ARIKO...

USHAKA KUVUGA KO
UBU ATA MAHERA UFISE?
YA KANZU WANYEMERERA
UZOYINGURIRA GUTE?

AHUBWO NARI
NIZIGIYE KO SO WAVE
AZOMPA AKAZI KO
KUMUCUNGIRA BIMWE
MUVYO AFISE.

AKAZI?





SINARI NZI
KO NOKWISANGA
NDIKO NDAGABURIRA
IBI BIKOKO BITEJEJWE
NK'IBI.

NARI NIBAZA KO
MFISE ABAGENZI.
NTIBANASHOBOYE
NOKUMVUGIRA. NTACO
NZORONKA AKAZI KEZA HAMA
NSUBIRE KUMERA NKUKO
NARI NSUBIRE
HEJURU.

ROOOO...

SRUUUU...

GURURU...



NTIBINDABA IBIJANYE
N'UKO URWAYE. SOHOKA
HANYUMA LIBE IRUHANDE
YA ZIRYA NGURUBE. CANKE
NDAKWIRUKANE NDONDERE
UYUNDI MUKOZI.
GIKUREHO?

EGO, BOSI,
MBABARIRA.
NDAGIYE LIBU
NYENE.



AKA KAZI NTA
MAHERA KAMPA
NO KUGIRA NSHOBO
KURYA BISANZWE.
NDIBAZA KO BABANDI
NITA ABAGENZI BARIKO
BARARYA NEZA.



RABA UKO NABAYE.
NDAKANYE, NDASHONJE,
KANDI NDARUSHE. NRYA
IVYOKURYA VY'INGURUBE.
ABAKOZI BA DATA BAFUNGURA
LIBU KUNDUSHA. MBEGA NO...
OYA, ARIKO SINOSUBIRA INYUMA
MUHIRA URAVYE UKUNTU
NAHAVUYE. NTIBONYAKIRA.


NARABAYE IKIJUJU
PE. REKA NSUBIRE
MUHIRA NSABE KUBA BASI
LUMUKOZI. IVYANJE VYOSE
NAHWE VYO MU NDIMO
NK'UMUGABANE NARABIRIYE.
ARIKO NOBA LUMUKOZI
BEMEYE BASI NO
KUNYAKIRA.





NDAGIYE
MUHIRA.

WA MUSAZI
WE! NTA
MAHERA MBONA
UFISE. KUGENDA
IBIROMETERO
N'IBIROMETERO
N'AMAGURU.



HAHEZE INDWI
AGENDA URUGENDO
N'AMAGURU. ASHIKA
HAFI YO MUHIRA.

NSA NK'UWUSHITSE.
ARIKO NTA BURENGANZIRA
NA BUMWE MFISE BWO
GUSABA BASI LIGUTONESHWA.
NDAZA KUVUGA NTI "DATA
NARAGUCUMUYEKO SIMBEREYE
KWITWA KANDI UMWANA WAVE.
LINGIRE BASI N'IMIBURIBURI
UMWE MU BAKOZI BAWE."

WOBA URIKO URABONA
URIYE MUNTU ARIKO ARAZA?
AMASO YANJE NTAKIBONA NKUKO
YAHORA ABONA KERA, ARIKO MBONA
UMENGA ATAMBUKA NKA WA
MUHUNGU WANJE HAHEZE IGIHE
KIREKIRE YARAZIMIYE.



EGO, NIWE
YARASHAJE GATO,
KANDI YARONZE,
NUKURI SINARI NZI KO
ARI WA MUHUNGU
WAVE.


**MUHUNGU
WANJE!**





MUHUNGU
WANJE, MUHUNGU
WANJE! WAJE
MUHIRA!

DATA,
NARACUMIYE MU
MASO YAWE...




...KANDI
SINKIBEREYE
KANDI KWITWA
UMUHUNGU
WAVE...

TWARI
TWIBAZA
KO WARI
WARAPFLUYE,
NONE RABA
UBU URI
MUZIMA
KANDI. REKA
BAGUTEGURE
BAKWOZE.


NTUSHOBORA GUTAHA
MUHIRA USA KURTYA. ABAKOZI
BANJE BARAZA KUKUZANIRA IKANZU
NZIZA HAMWE N'IBIRATO. IMPETA
YAWWE YARATAKAYE. EGO URAZA
KUBA UKENEYE IYINDI. UMUHUNGU
WANJE YARI YARAZIMIYE UBU
ARABONETSE.



MUBAGE IKIMASA
KINUZE, MUTEGURE
AMAZIMANO, MUTUMIRE
ABAGENZI BANYU, HANYUMA
DUTAYAYE, KUKO UNO MUSI
N'UMUSI WO KUNEZERWA.



NDANEZEREWWE CANE
KO MWESSE MURI NGAHA KUGIRA
TUNEZERERERWE AKA KARYO.
LUMHUNGU WANJE ARACAFISE INTEGER
NKE KUBWO IVYAMUSHIKIYE, ARIKO
NIYAMARA GUFUNGURA NEZA KANDI
AZOSUBIRA GUKOMERA. UYU NI UMUSI
MWIZA WA MBERE UKOMEYE MU
BUZIMA BWANJE.



WA MUHUNGU
AKUZE YARI ARI
KURE GATO YO
MUHIRA IMISI
MIKE. AGARUTSE
MUHIRA, ASANGA
HARI URUBANZA
RUKOMEYE RURIKO
RURABA.

MBEGA IYO MIZIKI
YOSE NO GUTAMBA
NUMVA N'IVYIKI?

MWENEWANYU
MUTOYI YAGARUTSE
MUHIRA KANDI YARONZE
GATO. ARARWAYE KANDI
ARAKENYE. SO WAVE
ARANEZEREWI KUMUBONA
KANDI YAGARUTSE.
KARIBU VUBA AHUBWO
NA WEWE INDANI.


SINSHOBORA
KUBA MU BINTU
NK'IBI VY'UBUSAZI.
YARABAYEHO UBUZIMA
BW'IVYAHA KANDI
BUTEYE ISONI.

UMUSUKU ACA ABWIRA SE IVYO
UMUHUNGU WIWE YAVUZE, HAMA SE
ACA ARASOHOKA HANZE KUVUGANA
N'UMUHUNGU WIWE.

HARAHEZE IGIHE
KIREKIRE NDAMURONDERA,
NIBAZA KO YATAKAYE BURUNDU.
NASA NK'UMUNTU AGIRE ABIHEBE
NONE RABA YACIYE AZA NDAMUBONA
MW'IBARABARA. URASHOBORA
KWIBAZA UWO MUGISHA?
IMANA NI NZIZA!



NSINSHOBORA
KUGUTAHURA WEWE
UNEZERWA KUBERA
UMUNYAVYAHA
NKUYO. NTA NA
KIMWE NSHOBORA
KUBAMWO JEWE.



IYI NI INKURU
IRYOSHE CANE, ARIKO
UGOMBA KUVUGA KO
TWEBWE TWOBA TUMEZE
NKUYO MUHUNGU
MUKURU?

LWUFISE
AMATWI YO
KWUMVA,
NIYUMVE.


LUKA 15:23-32



UJU
MUNTU ARIMWO
AMAHINYU.
ABANTU BOSE
BARAMUKUNDA.

ABAHA
IVYZIGIRO.


EGO, ARIKO N'IVYZIGIRO BITARIVYO.
NI NDE YOSEZERANA LUBUGINGO BUDASHIRA
AKABUSEZERANIRA UMUNYAVYAHA? ATEGEREZA GUPFA.
HAMAGARA ABANTU BOSE BAZE HAMWE. UNO MUSI TURAZA
GUHURIRA MUHIRA H'UMUHEREZI MUKURU MW'IJORO.

A group of men in brown robes are walking across a desert landscape. The man in the foreground is wearing a white tunic and a brown shawl. The background shows a hazy, orange-tinted sky and some distant structures.

INGO TUGIYE GUSUBIRA KANDI I GARIRAYA,
HANYUMA TURUHUKE GATO. HAGIYE KUGERA IGIHE AHO
BAZOMFATA BAKANSHIRA MW'IBOHERO. BAZOMPEMA
HANYUMA BONGERE BAMBAMBE. ARIKO KU MUSI UGIRA
GATATU NZOZUKA NCE MVA MU BAPFUYE.

MBEGA ASHATSE
KUVUGA IKI
"KUZUKA AVA MU
BAPFUYE"?

NTACO NDABIZIKO.
KUMBURE N'UMUGANI.



MWAMI, BIRIHUTIRWA!
MARITA ANDUNGITSE NGO
NDAKURONDERE. MUSAZA WE
RAZARO ARARWAYE KANDI AGIRE
APFE. N'UMUGENZI WAVE UKUNDA.
UNYARUTSE, URASHOBORA
KUHASHIKA ATARAPFA. TURAZI YUKO
USHOBOYE KUMUKIZA.


BWIRA MARIYA NA MARITA KO
NZOZA. KANDI UBABWIRE KO IYO
NGWARA ATARI IYO KUMWICA, ARIKO KO
ARI IYO KUBW'ICUBAHIRO C'IMANA.

RAZARO?
ARARWAYE?
DUTEGEREZWA
KWIHUTA!

INYUMA
Y'IMISI IBIRI...

MWAMI, HARAHEZE
IMISI IBIRI TWUMVISE KO
UMUGENZI WACU RAZARO
ARWAYE KANDI ARI MU GUPFA,
KANDI BIZODUFATA IYINDI MISI
IBIRI KUGIRA DUSHIKE AHO
ABA. MBEGA NTUBONA KO
TWOGENDA?

EJO
TUZOGENDA.
MUZOSONA
LIBWIZA
BW'IMANA.



MWAMI,
HARAHEZE
IMISI IRENGA INE.
LIBWO NTITWOBA
TWARACEREWE
KUBIJANYE NO
KUMUFASHA?

RAZARO
YARAPFLIYE. KANDI
NDANEZEREREWE
KUBWANYU KO ATARI
HO NARI NDI, KUKO
BIGIYE KUBATERA
KUBONA LIBWIZA
BW'IMANA HAMWE
NO KWIZERA.

*GUPFA?
RAZARO
YARAPFLIYE?*

MATAYO 20:17-19,
YOHANA 11:1-15


YESU
N'ABIGISHWA
BIWE BARI
HANZE KU
RUGI.

AAAAAAA!

OHUUUUU!

BABWIRE BAHANDINDIRIRE. SI
VYIZA KURI BO KO BINJIRA N'ABA
BAFARISAYO HAMWE N'ABAHEREZI
BOSE BARI NGAHA. BARIKO
BARARONDERA KUMWICA.

RAZAROOO!



MWAMI MANA, IYO LIBA HANO,
RAZARO NTIYARI GUPFA. ARIKO
NDAZI YUKO IKINTU COSE
WOSABA IMANA ISHOBORA
KUGIKORA.


MUSAZAWE
AZOZUKA AVE MU
BAPFUYE.

NDAZI KO
AZOZUKA KU
MUSI W'IZUKA KU
MUHERO W'ISI.



NI JWE
KUZUKA
N'UBUGINGO.

UNYIZERA
WESE NAHO YOBA
YARAPFUYE AZOZUKA
KANDI. UNYIZERA
NTASHOBORA GUPFA.
MBEGA IVYO
URAVYIZERA?

A close-up illustration of a woman with a blue headscarf, looking upwards with a surprised expression. Her right hand is raised in a gesture of awe or prayer. A speech bubble is positioned to her right, containing text in a Swahili dialect.

EGO, MWAMI
MANA. NDIZERA KO
URI MESIYA, UMWANA
W'IMANA, URYA
YAVUGISHIJWEKO KO
AZOZA MW'ISI.

MARITA AHEJEJE KUVUGANA
NA YESU, ATUMAKO UMUSUKU
GUHAMAGARA MARIYA.

INGO.
BACA
BAGENDA
KUMVA
KURIRA.

OOOOOO!

YOHANA 11:17-31






MWAMI, IYO
UHABA, MUSAZA
WANJE NTIYARI
GUPFA.

MWAMURYAMITSE
HEHE?



TURAMUKUMBLUYE
CANE.



RABA
UKUNTU YESU
YAKUNDA
RAZARO.

MBEGA SUYO
NYENE YAHUMUYE
AMASO Y'IMPUMYI KUBERA
IKI NONE ATARINZE
UMUGENZI WIWE
NTAPFE?




**KURAHO
IKIBUYE.**

**ARIKO MWAMI,
YAMAZE KUNUKA,
KUKO AMAZE IMISI
INE AHAMBWE.**

**SINAKUBWIYE KO NIWANYIZERA
LIZA KUBONA UBWIZA BW'IMANA?
KURAHO IKI KIBUYE UGISHIRE
KURE.**

DATA, NDAGUSHIMIYE
KO UNYUMVA. SINDIKO NSENGA
GURTYA KUBWANJE, KUBERA NDAZI
KO WAMA IMISI YOSE UNYUMVIRIZA,
ARIKO NDASENGA KUGIRA ABANTU
BOSE BARIKO BARANDABA BAMENYE
KO ARI WEWE WANDUNGITSE.
RERO LIBU DATA NIWIHESHE
ICUBAHIRO.




YOHANA 11:32-42



**RAZARO,
SOHOKA.**

**UBU
ASHITSE
KURE CANE.**

**EGO,
ARIKO
ARIGIRA
UMUSAZI
UBWIWE.**



GUTE, UMUBIRI
WARAMAZE GUTANGURA
KUBORA.

IGIHE ABANTU BOSE
BAZOBONA KO ARI UMUNTU
ADASHOBOKA, BIZOCA
BITWOROHERA KO TUMUFATA
HANYUMA TUMWICE.



**IKI?
SINDAVYZERA!**

NTIBISHOBOKA!



**IMANA
ISHIMWE!**

HOOOOO!



**ARABIKOZE,
MARIYA!
ARABIKOZE!**

**NI
MUZIMA!
INYUMA
Y'IMISI INE,
NI MUZIMA.**

YOHANA 11:43-44

RAZARO, INYUMA
Y'IMISI INE
APFUYE, AVA MU
MVA, ABOSHE
AMABOKO
N'AMAGURU
KANDI
ANAMBAYE
IMPUZU
BAHAMBAMWO
ABANTU.

MUMUBOHORE
HANYUMA
MUMUREKE
AGENDE!




NTA NUMWE
YARI GUKORA
IBINTU NK'IBI
URETSE IMANA?

IYI NDURU YOSE
N'IYI IKI? MUNKURE IZI
MPLUZU BAHAMBAMWO
ABANTU.

WARI
WARAPFLUYE
UMAZE IMISI
INE.

MWAMI,
NDANEZEREW
KUKUBONA. NDIZERA
KO ARI WEWE
WATUMYE NGARUKA
KURI IYI SI?





OO,
RAZARO, TWARI
TUGUKUMBLIYE
CANE GOSE.

NDASHONJE.
RUNGIKA ABO BANTU
BARI BAGANDAYE
HANYUMA MUCE
MUNDEKA MFUNGURE.


HAHEZAGIRWE
WEWE, MWAMI
MANA MANA
YACU.

URASHOBORA KWIBAZA IBINTU
TWABONYE? NUKURI YABIKOZE ATA
MANGETENGETE ASHIZEMWO. JEWE
NARAMUBONYE RAZARO IMBERE
YUKO BAMUHAMBA. NUKURI VYUKURI
YARI YAPFUYE, IVYO NTA MUNTU
YOBIKEKERANYA.



REKA
TUBWIRE
ABANYABWENGE
B'IVYANDITSWE
HAMWE
N'ABAFARISAYO
UBU NYENE.

YERUSAREMU
NIYUMVA IBI
BINTU, BAZOCA
BAMUGIRA UMWAMI.
HARI IKINTU
GITEGEREZA
GUKORWA VUBA
CANE.



KO YESU YAKOZE
IKINTU GIKOMEYE UNO
MUSI. N'ABANTU BOSE
BABIBONYE BIBAJIJE KOKO
KO YAZUYE UMUNTU
AMUKUYE MU BAPFIYE.

NTACO BITWAYE
UKO YABIKOZE,
ADAHAGARITSWE
AZOHAVA YIGARLURIRA
IMITIMA Y'ABANTU
BOSE.


NIMBA HOBA HARIHO
IKINDI KIROBERI, ABAROMA
BAZOHAVA NONEHO BADUKURA KU
BUTEGETSI. BATWITEZEKO YUKO
TUBUNGABUNGA AMAHORO.

YOHANA 11:44-48



ARIKO YESU
NTIYIGEZE AGIRA NABI
CANKE NGO AVUGE NABI
ROMA.


AMAJAMBO YIWE
NI MABI! ATWITA KU
MUGARAGARO INDYADYA.
ABANTU BAGACA
BADUTWENGA. BAKONGERA
BAKADUHEMA.



ATEGEREZWA
GUKURWAHO.
NTAZOSHOBORA
WENYENE UBWIWE
KWIZURA NGO
YIKURE MU
BAPFLUYE.

BITEGEREZWA
GUKORWA VUBA
CANE, IMBERE YUKO
ASAMBURA NONEHO
IVYUBAHIRO VYO MU
MADINI YACU.


IMBERE
YUKO
N'ABAROMA
BATURWANYA.




BANTAYE BARIKO
BARANDONDERA KUGIRA BANYICE.
NTIBATAHURA YUKO NAJE KUGIRA
BARONKE AGAKIZA. NDABABWIRA KO
NINAGENDA, ROMA IZOCA ISAMBURA
URUSENGERO BAKUNDA. NTA BUYE
NA RIMWE RIZOSIGARA KU RINDI.

HAZOGERA IGIHE AHO ABANTU BANKUNDA BAZOSHIRWA MW'IBOHERO. MUZOKWANKWA N'AMAHANGA KUKO GUSA MUNKUNDA. BAMWE MURI MWEBWE MUZOPFIRA MU BIGANZA VYABO. ABANDI BAZOTWARWA BAKUWE MU MAZU Y'IWABO HANYUMA NO GUKORA NTIBAVYEMERERWE. ARIKO NTIMUZE MUTANGARE NIMWABONA IBI BIBAYE, KUKO HAZOBA INTAMBARA NYINSHI, ZA NYAMUGIGIMA, INGWARA, AMAPFA, N'IBIZA VYO MU BWOKO BWOSE ARIKO UMUHERO NTUZUZANANWA N'IVYO.





IYI GUSA N'INTANGO
Y'IMIBABARO. YERUSAREMU
IZOBAMWO ABANYAMAHANGA
GUSHIKA. UMUNTU NIYABABWIRA
KO NAGARUTSE NGO NONEHO
MUZE MUNSANGE AHA CANKE
HARIYA NTIMUZE MUVYZERE.
BENSHI BAZOZA MW'IZINA RYANJE
BIGIRISHA KO ARI JEWE KANDI
BAGERAGEZA KUVUGA NKA
JEWE.



ARIKO JEWE NINAGARUKA,
NZOGARUKA NK'UMUCO.
IJISHO RYOSE RIZOMBONA.
ABAPFLUYE BAZOZUKA HANYUMA NCE
NSHIRAHO UBWAMI BWANJE KW'ISI.
ARIKO IMBERE Y'IVYO, HAZOBAHO
UMWANYA WO GUHAMWA, MUBI
CANE KURUSHA UWO ISI YIGEZE
KUBONA.

MATAYO 10:22, 24:2, 5-9, 21, 27-31, RUKA 19:43-44,
21:8, YOHANA 11:49-53, IVYAHISHUWE YOHANA 2:10



MWAMI,
MARITA
ANTUMYE NGO
NDAKURONDERE.
YAMBWIYE NGO
NDAKUBWIRE KO WEWE
N'ABIGISHWA Bawe
MUHawe IKAZE MUHIRA
IWE. YERUSAREMU
LUBU NTA MUTEKANO
IGIFISE. ABANTU BAMWE
NTIBARYOHEWE KUBONA
UMU BOSI WANJE
MWARAMUZUYE MU
BAPFLUYE. MBEGA
MURASHOBORA KUZA
MUKAGUMANA
NATWE?


VYOTUNEZERA
TUJE. NARI NSHAKA
KUBABONA KANDI
IMBERE YUKO UMWANYA
WANJE WO GUHAMWA
UGERA.



NI YESU
N'ABIGISHWA
BIWE.


MWAMI, INZU
YANJE NI RWANYU.
NUKURI KARIBU
MURUHUKE.

RAZARO, UMUGENZI
WANJE, NDABONA USA NEZA
KURUTA IGIHE MPERUKA
KUKUBONA. NI VYIZA KO WAJE
MU NZU YAWA APANA MU
MVA.



TURAFISE
URUBANZA
TWATEGUYE.
N'ABATUMIRE
BATUMIWE.


MWAMI,
URI IZUKA
N'UBUGINGO.



MWAMI,
NARUMVISE MU
MAKURU YO KWIZERWA
KO ABAYUDA BAFASHE
INGINGO YO KUGUFATA
KU NGLUVU NGO
BAKWICE.

NAJE MURI IYI SI
KUGIRA NTANGE UBUZIMA KURI
YO. BAZONSHIRA MW'IBOHERO
HANYUMA BAMBAMBE MUGABO
UMUSI UGIRA GATATU NZOCA
NZUKA KANDI.

MATAYO 20:19, 26:2,
YOHANA 12:1-2, 14:6




URI IZUKA
N'UBUGINGO.
LWUKWIZERA
WESE NTAZOPFA
YARAPFIYE.

MARIYA,
URIKO UKORA IKI
NAYO MAVUTA
ATAMIRANA?






MWAMI MANA
YANJE, URI IZUKA
N'UBUGINGO. NAHO
LIZOBA WARAPFLUYE,
LIZOBAHO KANDI.



MARIYA, AYO
MAVUTA ARARENZE
UMUSHAHARA W'UMWAKA
WOSE. KUBERA IKI URIKO
URAYONONA?

ARIKO ARIKO
ASIGA UMWAMI.

YARI
KUGURISHWA
HANYUMA AMAHERA
AGAHABWA
ABAKENE.

A comic book illustration depicting a scene with three people. In the center, a man with a beard and long hair, wearing a white tunic and a brown sash, sits on a chair. He is gesturing with his right hand towards a man on the right. The man on the right is shown in profile, wearing a brown tunic and a brown sash. In the foreground, a woman with long dark hair, wearing a green tunic and a white headscarf, is kneeling on a red surface, looking down at her hands. The background is a simple yellow wall with a red curtain on the left.


MARIYA
AHANAGURA
IBIRENGE VYA
YESU ABIHANAGUZA
IMISHATSI YIWE.

MUMUREKE.
ARIKO AKORA
IBI YITANGA
IMBERE IBIJANYE
N'IHAMBWA
RYANJE.



ASHATSE
KUVUGA IKI,
GUHAMBWA?

YAVUZE KO
BAZOMUBAMBA. ARIKO
VYUKURI NTARIKO
ARAVUGA KU BIJANYE
NO KUBAMBWA KW'IBU
KUMUSHIKANA KU
RUPFU.



NARABABWIYE
KO UMWUNGERE MWIZA
YIGURA INTAMA ZIWE.
BAZONTA, BAMBAMBE,
HANYUMA BAMPAMBE,
ARIKO KU MUSI WA
GATATU NCE NZUKA
MVE MU BAPFIYE.


MARIYA ARIKO ARATEGURA
UMUBIRI WANJE KUBW'IHAMBWA.
ISAHA YANJE YAGEZE ISAHA YO
GUSHIMAGIZWA. MUZE DUTEGEREZWA
KUGENDA I YERUSAREMU NIHO
BIGIYE KUBERA.

MATAYO 20:19,
YOHANA 10:11, 12:3-8



**MWAMI,
YERUSAREMU
YOSE IRINDIRIYE
WEWE KUGIRA
NGO LIZE!**

**GENDA,
MUNZANIRE
INDOGOBA ABE
ARI YO NJAKO.
TURAZA KUGENDA I
YERUSAREMU RIMWE
GUSA.**



MWAMI, HARI
ABANTU IBIHUMBI
BARINDIRIYE KO WEWE
WINJIRA I YERUSAREMU.
BACA BAKUGIRA
UMWAMI.


NDAZA GUTABWA NO
KUBAMBWA, ARIKO UMUSI
UGIRA GATATU NCE NZUKA
MVE MU BAPFUYE.



EHE,
UMWAMI
W'ABYUDA.

HAHEZAGIRWA
UWUJE MW'IZINA
RY'UMWAMI
MANA.

NAHIMBAZWE
UMUHUNGU WA
DAWIDI.




**MUHE INZIRA
UMWAMI WA
ISIRAYERI.**

**IMANA
IHIMBAZWE.**

**LIWASEZERANYWE
KUBWO KUBOHORA.**

YOHANA 12:12-13




ABANTU
BAMWITA UMWAMI
W'ABAYUDA!

MWANA
WA DAWIDI,
TUBOHORE.


BIBAZA KO
ARI MESIYA,
LWASEZERANYWE.

KUBERA IKI AJE
MU RUSENGERO?
YAMAZE KUMENYA
KO LIBUZIMA BWIWE
BUBANGAMIWE.



BARACAKOESHA
NABI INZU Y'IMANA.
HASA NKO MW'ISOKO
HAGUSA NK'AHANTU
H'AMASENGESHO.

IYI NOKUREKA UKAYITWARA
KU GICIRO CIZA. IRAMEZE NEZA
KUBW'IKIMAZI KANDI IRAMAZE
KWEMEZWA.



UMBABARIRE,
NIMBA UKENEYE
KUVUNJA NEZA KU
GICIRO CIZA NIWIGIRE
AHANDI. SINORENZA
AHA MU KUGUHA.

MATAYO 21:11-12

YESU ASUBIRA KUBIKORA
KANDI. AKUBURA
URUSENGERO MU
KWIRUKANA IBISUMA
N'ABADANDAJI.

PAAAA!



MUKURE IBI
BIDANDAZWA MU
NZU YA DATA. MURI
AKARWI K'IBISUMA
N'ABAMBUZI.

MUZA NGAHA
MUJE KURONDERA
AMAHERA Y'ABANTU
BAJE GUSENGA.
REKA AMAHERA
YANYU AJANE
NAMWE I KUZIMU.

**RABA
HANZE!**




NI KUBWO
LUBUHE
BUBASHA URIKO
URAKORA IBI?

BEEE!

WIBAZA KO
URI NDE?


PAAAA!

NTIMUKAGIRE
INZU YA
DATA AHANTU
HARI AKARWI
K'ABAMBUZI.



MWAMI, ABAHEREZI
HAMWE N'ABAFARISAYO
BARUNGITSE ABARERETSI KUZA
KUTURABA. HARI IBIHUHA KO
BASHAKA KUGUSHIRA MW'IBOHERO
IMBERE YA PASIKA, HAKABA
HASIGAYE IMISI MIKE URAVYE
UMUSI TUGEZEKO.

MURAZI ICO
BISIGURA GUKUBURA
URUSENGERO INYUMA YO
KWINJIRA KW'ICUBAHIRO I
YERUSAREMU?



NARAMAZE KUKUBWIRA
KO NTEGEREZA KUBABAZWA
MU BIGANZA VYABO HANYUMA
MBAMBWE, ARIKO INYUMA
Y'IMISI ITATU NZOZUKA
KANDI.

EGO, LUBUVUGISHWA BURAVUGA
KO "ISHAKA RY'INZU YA DATA
RYARAMURIYE MU GIHE YAZA ADATEGUJE
MU NGORO Y'IMANA. "VYAVUZWE
KO ARI MESIYA.


ATEGEREZA
GUHAGARIKWA IMBERE
YA PASIKA. TURAFISE
UMURERETSI UMWE MU
BIGISHWA BIWE.

ZABURI 69:9,
MATAYO 21:12-13

NDABABURIRE, INYUMA
YO KUGENDA KWANJE,
BAZOBASHIRA MW'IBOHERO,
BABAKUBITE, KANDI BAMWE
MURI MWEBWE BANABICE.
MUZOBASHINGIRA INTAHE
KUBIJANYE N'URUKUNDO RWANJE
HAMWE N'UBUSHOBOZI BWANJE.
NIBABATWARA MURI SENTARE,
NZOBAHA AMAJAMBO YO KUVUGA.
ABANA BAZOVUGA NABI ABAVYEYI
BABO, N'ABAVYEYI NABO LIKO
NYENE BAVUGE NABI ABANA BABO.
MUZOKWANKWA KUKO MWAMENYE.
ABAVUGISHWA BENSHI
B'IBINYOMA BAZOHAGURUKA
BIGIRA NGO BARANSERUKIYE.
MPWEMU YERA AZOBANA
NAMWE.




MWAMI,
N'IKIHE
KIMENYETSO
KIZOKWEREKANA
KUGARUKA KWAVE
MW'ISI HAMWE
N'UMUHERO
W'ISI?



MWAMI,
N'IKIHE
KIMENYETSO
KIZOKWEREKANA
KUGARUKA KWAVE
MW'ISI HAMWE
N'UMUHERO W'ISI?


UMUNTU NIYAVUGA KO NGIYE KUGARUKA IGIHE
KINAKA CANKE KO NDI MU KIBANZA KINAKA NTIMUZE
MUMWIZERE. KUKO NZOGARUKA NIVYO ARIKO BIZOBA
NKA KURYA K'UMURAVYO. MUBE ABIZIGIRWA KURI
JEWEE, HANYUMA MU MPERA MUZOKIRA URUBANZA
RUZOTSINDA ABANYAVYAHA. MWAME MURI MASO KUKO
NTIMUZOMENYA UMUSI N'ISAHU NZOGARUKA.

NKA KURYA VYARI
KURI NOWA, NIKO BIZOBA
IGIHE NZOGARUKA. ABANTU BARI
MUVYABO BADANDA ZA BIRYOHERA
ARIKO NTIBIGEZE BAMENYA KO
HARI IKIBARINDIRIYE GUSHIKA AHO
UMWUZURE WAJE UKABAKURAHU
BOSE. NZOZA RERO NKA KURYA
KW'IGISUMA KIZA MW'IJORO.




ABAGABO BABIRI
BAZOBA BARIKO
BARARIMA. UMWE
ATWARWE UWUNDI
ASIGARE.

ABAGORE BABIRI
BAZOBA BARIKO
BARASEKURA. UMWE AGENDE
UWUNDI ASIGARE. MWAME RERO
MURI MASO KANDI MWITEGUYE
KUKO BIZOBA UMUSI ATA
MUNTU N'UMWE YITEZE.



MWAMI,
NDAGIYE KURABA
UMUNTU MU
GISAGARA. NDAZA
KUGARUKA.

GENDA,
YUDA, HANYUMA
UKORE ICO
USHAKA.



NIMBA
IGICIRO ARI SAWA,
NDASHOBORA
KUREKURA YESU MU
MABOKO YANYU.

NONE, NTURI
YUDA UMWE
MU BIGISHWA
BIWE?

EGO, NDAMARANYE Nawe
IKIRINGO C'IMYAKA ITATU, ARIKO
NUMVA BINDUHISHIJE. AVUGA
IBINTU VY'UBUSAZI, NANJE REKA
NIKORESHEREZE AMAHERA.


ISAHA
IRAGEZE RERO
KO NSHIMAGIZWA.
URUBUTO RW'INGANO
RUTAGUYE MW'IVU
NGO RUPFE, RUGUMA
ARI RWONYENE, ARIKO
RUPFUYE RURARWIRA
HANYUMA RUKAVAMWO
IMBUTO NYISNHI.




MATAYO 26:14-16, MARIKO 13:5-13,
LUKA 17:26-37, YOHANA 12:23-24, 2 PETERO 3:10

UBU RERO UMUSHAHA WANJE
NTUTEKANYE. MBEGA MVUGE IKI "DATA,
NKIZA MURI IYI SAHA"? OYA, ARIKO NI
KUBWIBI NYENE NAJE MURI IYI SI.





DATA, HESHA
ICUBAHIRO
IZINA RYAWA
RYONYENE.



**NDAMAZE
GUHESHA ICUBAHIRO
IZINA RYANJE, NONE
N'UBU NGIYE GUSUBIRA
KUBIKORA.**

**IMANA
YAMLUGISHIJE!**

**VYAVUGIRA
HEJURU
NK'UMUTURAGARO.**

**UMUMARAYIKA
ARAMLUGISHIJE!**

IJWI NTIRYARI
KUBWANJE, ARIKO KUBWA
MWEBWE. UBU RERO HAGEZE IGIHE
AHO UMUGANWA W'IYI SI, SATANI,
AGIYE GUTSINDWA. HANYUMA
NINAMANIKWA KU MUSARABA
NZIKWEGERAKO ABANTU BOSE.

TURAZI KO
ABAVUGISHWA BAVUZE
KO MESIYA AZOBAHO
IBIHE BIDASHIRA, HAMA
LUVUZE KO UZOPFA,
NONE MESIYA NI
NDE?





UGIYE KUBIRONKERA
LIMUCO MU KANYA GATOYA.
UWO MUCO NIWAWURONKA UZE
KUVYIZERA KUGIRA LIBE VYUKURI
LIMWANA W'IMANA.

SINDABITAHURA
KWERI NI NK'IBISAZI.



UMUNTU
WESE ANYANSE
AKANKA N'AMAJAMBO
YANJE, ABA YANSE
IMANA. NDI UMUCO
W'ISI. NIWANYIZERA
NTUSHOBORA KUGUMA
MU MWIZA, ARIKO
UZOGIRA UBUGINGO
BUDASHIRA.

YOHANA 12:27-36



<https://goodandevilbook.com/>